


GRATIS



JEZI KRIS AP RETOUNEN

REVELASYON FEN TAN AN

SÈN DOKTRIN

**TEMWAYAJ LAURA
WANMA**

Sous & Kontak:

Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>

E-mail: mail@mcreveil.org

Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl

***Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.
Danyèl 12:4***

Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.

Danyèl 12:9-10

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,
Meditè kèk tan sou kesyon sa a:**

Ki kote ou pral pase Letènite'w?

Nan Syèl?

Oswa

Nan Lanfè?

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.
Panse ak sa!**

Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!

Avètisman

Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.

Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribiye'l, oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni li nan okenn ka pa modifiye ou chanje, e ke sit mcreveil.org a site kòm sous.

Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa yo ak temwanyaj sa yo!

Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po pibliye ansèyman sa yo ak temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt www.mcreveil.org a, oswa pou chanje kontni yo!

Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape sètènman nan jijman Bondye a.

Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye 23:33.

TEMWAYAJ LAURA WANMA

Anvan ou li temwayaj sa a, nou ankouraje'w li yon avètisman enpòtan nou te fè konsènan temwayaj yo. Avètisman sa a ki gen tit "Avètisman Temwayaj" li trouve sou sit www.mcreveil.org.

Chè zanmi, malgre lefèt ke nou te deja li plizyè temwayaj sou Lanfè, nou toujou jwenn li edifyan pou li nouvo, sitou lè nou konsidere ke yo kredib. Sa a se rezon ki fè nou konsidere li nesèsè pou fè disponib pou nou temwayaj Laura Wanma (Lala), yon jèn ti fi Endonezyen nan 12 ane ke Senyè Jezi Kris te montre yon moso nan Syèl la ak yon moso nan Lanfè a, e te bay li yon mesaj pou legliz yo ak pou mond lan. Temwayaj sa a, tankou lòt yo nou te deja ofri nou yo, byen edifyan. Fè efò pou pataje li bò kote nou, pou ka avèti maksimòm moun. Bondye beni nou!

Senyè Jezi te mennen'm nan Syèl la

Premye jou vizit Senyè a Lala: Pandan lwanj ak adorasyon an, men m' te leve pou kont mwen e mwen te di manman m': "Manman, mwen pa ka bese men m' yo, yo te rete leve." Mwen te wè anpil zanj nan sal la e toudenkou te gen yon limyè trè byen klere e nan limyè a Senyè a te pale avèk mwen. (Senyè a te di m' ke yon moun nan fanmi'm ta pral mouri. Lè sa a, Senyè a di m': "Ale epi di frè ou a ke li dwe retounen vin jwenn Mwen, paske Mwen toujou gen pitye pou li, paske li te deplase kite men Mwen."...)

Lè manman m' ak mwen te toujou ap adore Senyè Jezi, toudenkou yon zanj te vini, li mennen lespri mwen ale. Nou te pran vòl, lè sa a nou te kanpe sou wòch la. Epi zanj lan te montre mwen plizyè bèl vil e mwen te kapab wè: Nabire, Serui, Biak, Manokwari. Zanj lan te di m': "Bondye te di ou ale epi kanpe nan lavil sa yo anonse mesaj Senyè a. **Yo dwe repanti paske pa gen okenn tan ankò menm, Jezi ap vini trè trè byento.**" Epi mwen mande zanj lan: "Ki moun ou ye?" Li reponn: "Mwen se Gabriel, yon zanj Bondye." Lè sa a, zanj lan mennen lespri mwen tounen nan kò mwen.

Alò ke mwen t'ap rann mwen an Entrop soti nan Abe, mwen te rive nan Kotaraja. Mwen te toujou nan taksi a lè yon zanj te vin pran mwen epi nou te pran vòl sou vil Jayapura a, epi zanj lan te di m': "Eseye gade an ba!" Apre sa, mwen te wè anpil moun kanpe; yo te mete rad nwa ki te kouvri yo soti nan tèt rive nan pye. Je yo te nwa e te gen yon dife nan je yo. Mwen te wè yo toupatou: nan lopital la, bò kote wout la, nan mitan lari a, nan mache a, devan kay yo, elatriye. Yo te toupatou. Nan men yo, yo te kenbe gwo fouchèt e mwen te di zanj lan: "Ki moun yo ye?" Epi zanj lan di mwen ke yo te zanj lanmò. Lè nou te toujou espiyèlman ap vole sou vil la nan Entrop, mwen te wè yon gwoup jèn moun k'ap bwè alkòl nan lari a; mwen te tris anpil paske lanmò te antoure yo.

Lè sa a, zanj lan te di m': "Lala, si gen yon bagay k'ap pase ou epi ou santi ou an danje, ou ka di de mo: **"San Jezi"** ak **"Nan non Jezi"** paske yo trè pwisan".

Zanj lan te pran m' epi nou te kontinye vole nan nyaj yo. Mwen te wè tè a anba a mwen vin pi piti e pi piti. Nou te pran vòl epi nou te pase nan tinèl etwat la. Mwen te pè anpil e zanj lan te kenbe m', lè sa a, mwen te wè yon limyè klere

epi se te Syèl la. Zanj lan ak mwen te rive nan pòt la. Te gen de zanj gadyen deyò pòt la. Li te dekore avèk bèl grenn pèl e kristal epi li te louvri pou kont li; lè sa a, nou te antre nan jaden an.

Te gen yon pòt ouvè e nan li mwen te kapab wè yon long tab ki byen ranje. Li te sanble ke byento ap gen yon fèt (Sen kominyon). Te gen yon zanj dèyè chak chèz, yo chak kenbe yon klewon nan men yo epi li te sanble ke yo ta pral kònen klewon an trè byento. Lè sa a, mwen te kontinye mache nan Syèl la ankò. Nan jaden an, mwen te wè diferan kalite pye bwa ak divès kalite fwi, mwen te wè flè trè bèl. Zanj Gabriyèl pwoche bò kote m', li di: "Tan ou fini, epi ou dwe retounen". Apre sa, mwen di l': "Mwen trè kontan isit la e mwen pa vle retounen paske mwen tèlman nan lapè isit la." Epi toudenkou yon vwa soti nan Twòn Limyè a ak Laglwa a e li di m': "Lala, ou dwe retounen kounye a"; e zanj Gabriyèl te mennen m' tounen.

An wo a, mwen te gade taksi wouj la ki te transpòte m' anvan an, li pase biwo gouvènman lokal la nan direksyon teminis nan Entrop. Epi, zanj lan pote lespri m' tounen nan kò mwen e mwen leve, e di: "Alelouya!" Tout pasajè yo te choke, gade m' e mande'm: "Sè, ou oke...?" Mwen te trè etone paske mwen te kouche sou zepòl yon pasajè e li fwote nen m' ak lwil paske li te panse mwen te dekonpoze. Mwen te kanpe taksi a lè mwen te rive nan destinasyon mwen.

Anviwon 11 p.m. pandan ke mwen t'ap dòmi, yon zanj te vini, li mennen m' bay Senyè a. Nou te antre pa pòt Syèl la e mwen te wè yon moun ki te kanpe nan yon trè long rad blan. Li louvri men l' yo ban mwen, mwen te vin toupre Li, epi Li te pote m' nan bra Li e mwen te konnen sete Jezi. Lè sa a, nou te antre nan Syèl la. **Syèl la tèlman mèveye** e plen ak tout kalite flè ke mwen te janm wè sou latè. Tout bagay la ba a, kè m' te nan lapè nan kote sa a; gen pyebwa ki sèvi kòm yon lonbraj, ki pote fwi, epi gen tou yon larivyè trè klè ki ap koule.

Senyè Jezi te di m': "Lala, ou vle eseye mete pye ou nan dlo a?" Epi mwen mete yo nan dlo a. Bondye te pale avèk mwen ankò: "Ou ka bwè dlo sa a." Lè m' te bwè li, kè m' te vrèman nan lapè, e Senyè Jezi pale avè'm ankò: "Ou ka plonje tèt ou nan dlo a, epi ou pral kapab respire." Sa Senyè a te di a te vre. Te gen anpil pwason k'ap vini bò kote m'. Mwen di Jezi: "M'ap viv sou latè epi mwen pa ka trape yon pwason, li pral kouri ale si mwen eseye." Jezi di m': "Lala, pwason ki isit la ka pale avèk ou."

Epitou, mwen te kontinye mache avèk Jezi epi mwen te mande Li: "Kijan Ou ka wè lemonn antye avèk peche yo ke moun ap komèt, alò ke mond lan gwo, ki jan Ou wè tout bagay?" Jezi di m' vini avè l' pou Li ka montre m'. Jezi ak mwen te kontinye mache e Li te montre li ban mwen. Te gen yon gwo tab vè e mwen te wè mond lan tèlman piti. Mwen te kapab tou wè ki kalite peche moun yo t'ap komèt. Mwen te etone epi lè mwen te wè yon moun mwen te konnen, mwen te di Jezi, "Senyè, mwen ka wè an ba a." Manman m' ak mwen te kouche sou kabann lan. Apre sa, Li reponn: "Wi, mwen konnen, gen yon zanj tou ki kanpe nan chanm ou an."

Senyè Jezi ak mwen te kontinye mache e mwen te wè yon chanm; te gen de zanj kanpe la. Te gen yon gwo liv sou tab la e mwen te mande Senyè a: "Bondye, ki kalite liv sa a ye?" Senyè a te reponn: "Se liv lavi a." Mwen te mande ankò:

"Èske mwen ka wè anndan liv la?" Senyè a te reponn: "Wi, ou kapab". Epi de zanj yo te pare pou louvri liv la, paj apre paj. Nan premye paj la, mwen te wè non frè mwen an e mwen te di Jezi: "Bondye, non sa a se frè m' nan." Epi Senyè a reponn: "Wi, mwen konnen lavi li. Li kounye a isit la e l'ap fè lwanj Senyè a." Zanj lan louvri pwochen paj la, mwen te wè non yon moun mwen te konnen tou epi mwen te di Jezi: "Sa se tonton mwen". Senyè Jezi te di: "Wi, li isit la." Mwen te bo Jezi e kriye. Lè sa a, Jezi ak mwen kontinye mache nan jaden an lè mwen te wè de moun ki pwoche bò kote m'; pi gran an te alantou 18 oswa 19 zan pandan ke pi piti a te 2 ane; ti gason an te kouri epi li te anbrase m', men mwen te gen enpresyon ke li te travèse m' piske nou te tou de nan lespri.

Pi gran ti gason an, ki te gen 18-19 ane a, te sanble tèlman ak manman m', yo te tankou jimo. Lè sa a, mwen vin chonje ke manman m' yon fwa te di m' ke mwen te gen yon gran frè ki te mouri lè mwen te ti bebe. E mwen te konnen se te frè m' nan. Apre sa, de ti gason yo te tounen nan chanm yo.

Lè sa a, mwen te wè yon bèl flè e mwen te mande Senyè a: "Senyè, mwen ka pran flè sa a ...? Mwen ta renmen bay manman m' li paske li renmen flè." Jezi di: "Tan an pa ankò vini pou ou pran flè yo ak fwi yo nan kote sa a, pitit Mwen!" Apre sa, Jezi ak mwen toujou t'ap mache lè mwen te wè yon kay ki gen pòt la te louvri. Mwen te mande Senyè Jezi si mwen te kapab antre nan kay la; Senyè a te di: "Wi, ou kapab." Lè mwen te rive devan pòt kay la, mwen pa t' kapab antre nan kay la paske sòl la te lò. Mwen di Senyè a: "Wow Bondye... sòl la bèl anpil; lò trè chè sou latè". Epi Senyè a te souri e Li te di: "Isit la se kay ou; gen lòt tankou sa a. Mwen te mande: "Bondye, mwen ka antre nan prochen kay la?" Lè sa a, Senyè a te di: "Kay yo ki gen pòt yo fèmen se pou lòt moun." Senyè a te di: "Swiv mwen."

Senyè Jezi te mennen'm nan Lanfè

Senyè Jezi te kenbe m' epi nou te pran vòl nan yon gwo tinèl. Senyè Jezi ak mwen kontinye ap avanse pou pi devan lè mwen te santi yon sant vrèman tèrib e mwen te santi ke lè a te trè cho. Pi lwen, mwen te wè yon demon a twa pye kenbe yon gwo fouchèt. E lè l' wè Jezi, li bese a jenou. Senyè a ak mwen te kontinye mache e rive nan yon plas epi Senyè a te pèmèt mwen pou wè yon trè gwo pi twou san fon, ki te ranpli avèk moun ki t'ap tòtire pa demon yo. Demon yo t'ap toumante yo anpil jiskaske vyann nan kò yo te retire, men yo pa t' kapab mouri.

Nou kontinye mache e mwen te wè yon tab avèk yon liv sou li, sou li te ekri "Adiltè". Mwen te wè moun toutouni nan lak dife a. Yo te wè Jezi epi yo te rele: "Papa, Papa", men Jezi pa t' gade yo. Mwen te kontinye mache avèk Senyè a epi nou te remake yon sèvitè Bondye. Lè sa a, mwen te mande Senyè Jezi: "Bondye! **Poukisa gen yon sèvitè Bondye nan Lanfè?**" Senyè a reponn: "Mwen te chwazi l', men li pa janm te preche mesaj Mwen an." Lè sa a, li te wè Senyè Jezi e rele byen fò: "Papa, Papa, pran m' soti nan kote sa a jis pou yon minit paske mwen vle repanti." Senyè Jezi di li: "**Li twò ta koulye a...**"

Nou te kontinye, e mwen te wè anpil moun ki te tòtire e Jezi te di m': "**Moun sa yo pa t' fidèl avèk ladim.**"

Mwen te wè tou anpil jèn moun ap danse sou klou nan ritm mizik. Si yo te tande ritm mizik Rock, yo te gen pou yo sote pi vit epi yo pat pèmèt yo sispann pou yon sèl moman. Si yo te sispann, demon yo te vini e toumante yo.

Lè sa a, nou retounen nan Syèl la atravè chemen laj la. Apre nou rive nan Syèl la, Senyè Jezi di m': "Lala, sa ou te wè a, ou dwe anonse li bay pèp Mwen an." Epi Senyè a te pote m' epi li te di: "Lala, ou dwe ban Mwen lavi ou, **ou dwe batize...** Di sèvitè mwen an Ronald ke mwen konfye l' responsablite pou ekri liv ou a."

Jezi te gade zanj Gabriyèl e zanj Gabriyèl te bese tèt devan Li pou adore nan pye Li. Senyè a pale ak zanj lan, Li di: "Pote tounen pitit Mwen an." Epi zanj Gabriyèl te pran m' epi nou te avanse nan direksyon pòt la e yon lòt zanj te vini epi li te pale ak zanj Gabriyèl nan yon langaj mwen pa t' konprann... Sou wout nou an, zanj Gabriyèl te mande m': "Ki sa ou te pale avèk Papa a?" Epi mwen te di: "Jezi te di mwen anpil bagay." Apre sa, mwen mande zanj lan: "Ki sa w'ap fè nan Syèl la?" Zanj lan te reponn: "Mwen nan sèvis Jezi Kris Senyè nou an. Kèlkeswa sa Li mande m' fè, mwen fè li."

Lè nou te pwoche bò kay mwen an, nou te mache e wè anpil zanj lanmò ki kanpe sou bò gòch la ak bò dwat nan wout la. Lè nou te rive, mwen te wè youn kanpe devan kloti a. Epi avan pòt kay nou an, te gen yon zanj Bondye ki t'ap veye kay la. Zanj lanmò a te trè nève paske li te vle antre nan kay la men li pa t' kapab paske yon zanj Bondye t'ap veye kay nou an. Apre sa, zanj lanmò a te ale dèyè kay la, li t'ap chache antre nan kay la. Men, li pa t' kapab, paske te gen de zanj Bondye ki t'ap veye pòt dèyè kay nou an. Zanj lanmò a te eseye san siksè pou antre pou yon dezyèm fwa e li te ale lwen. Li te tonbe e te disparèt tankou pousyè te pote ale nan van. Zanj Gabriyèl mennen m' tounen nan chanm mwen e lespri m' te antre nan kò fizik mwen nan 06:00. Apre sa, mwen te tounen nan aktivite chak jou m' kòm yon elèv.

Yon lòt jou nou te gen yon sèvis nan kay yon manm nan legliz nou an. Zanj Gabriyèl te vin pran mwen, epi mennen m' bay Senyè Jezi. Senyè a te montre m' lavil ki kote mwen te dwe ale a. Li te mande m' transmèt mesaj la nan yon legliz katolik nan Wamena.

Nan denmen, zanj lan te vin chache m', epi mennen m' bay Senyè a. Senyè Jezi te bay yon mesaj espesyal pou legliz vilaj la "Harapan" e Li te di: "Di legliz la: Pou yo pa an reta pou kilt la. **Moun sa yo ki toujou vini an reta pa pral antre nan wayòm syèl la.** Pandan reyinyon an, okenn moun pa dwe rete deyò legliz la. Voye yon mesaj bay manman yo ki gen pitit yo toujou ti bebe ak timoun piti yo ke **yo dwe chita nan legliz la avèk tout pitit yo epi koute pawòl Bondye a.** Pa janm kite timoun yo rete nan yon sant gadri. **Tout moun dwe patisipe nan adorasyon an.** Menm si pa gen okenn plas ankò, chita a tè a pa dwe yon pwoblèm. Tout moun dwe respekte Pawòl Mwen."

Pandan jounen an, apre mwen fin priye ak jene, mwen te anonse mesaj Senyè Jezi a bay pwofesè lekòl dimanch yo. Lè mwen te tounen soti nan legliz la, zanj Bondye a te mennen mwen bay Senyè a epi Li te di m': "Mèsi Lala pou anonse mesaj Mwen an bay pwofesè lekòl dimanch yo." Apre sa, Li di m' ankò: "Nan Dimanch, ou pral dwe anonse mesaj la bay manm yo nan legliz la. Ou pa dwe

sèlman anonse li nan legliz la ak nan fanmi ou, men ou pral dwe tou anonse mesaj sa a bay lòt relijyon yo: Boudis, Islam, Endouyis, elatriye paske yo dwe resevwa sali a tou. (Jan 14:6). Pibliye mesaj la pi vit ke posib paske Mwen pral mennen'w nan lòt vil yo."

Nan 7 p.m, zanj lan te vin pote m' bay Senyè a e Senyè a te di m': "Lala, pi vit, pi vit, pi vit, kouri epi di pèp Mwen an: Tan Mwen an prèske fini!" Epi Senyè a te montre m' tan an nan Syèl la. Mwen te kapab wè zegwi lè a dirije nan yon nimewo e pa minit yo te trè pre li. Men, mwen te kapab wè nimewo ki sou mont lan. Senyè Jezi di m': "Lala, kouri vit epi voye mesaj la bay pèp Mwen an, tan Mwen an prèske fini." Senyè a te di m' ankò: "Lala, pa gen okenn zanj ki te janm wè tan nan Syèl la. Mwen te kite ou wè tan nan Syèl la pou ou ka transmèt sa ou te wè a a pèp Mwen an."

Nan 8:30 p.m, zanj lan te vin mennen'm tounen bay Senyè a e Senyè Jezi te yon lòt fwa ankò te montre m' tan nan Syèl la ki trè kout. Senyè Jezi te di m': "Di kamarad klas ou yo, pwofesè ou, vwazen ou yo ak tout moun ou rankontre yo repanti epi retounen vin jwenn Mwen."

Samdi ki vini an mwen te la avèk manman m' ak matant mwen. Nou te nan rezidans fanmi Wilson Sentani. Nan 13h, pandan ke matant mwen t'ap priye pou fanmi Wilson, epi mwen te toujou kouche nan chanm nan, zanj lan te vini. Mwen te kapab wè zanj lan paske lespri m' te soti nan kò m' e chita sou kabann lan. Mwen te rele zanj lan antre nan chanm nan men li pa t' antre. Li te rete deyò chanm lan epi mwen rele l' ankò. Zanj lan te montre matant mwen k'ap priye. Mwen te rele zanj lan ankò, epi li te di m': "**Mwen pa ka antre nan chanm nan, (li pwente dwèt li sou matant mwen), paske sèvant lan ap pale ak Papa a. Mwen dwe rete tann jouk li fini priye e di Amèn**". Lè matant mwen te fini priye, zanj lan te antre nan chanm nan e li te mennen m' bay Senyè Jezi. Lè nou te rive nan Syèl la, Senyè Jezi te ban m' yon mesaj pou pibliye.

A minwi, kò mwen te lou epi mwen te vle dòmi paske yon zanj te dwe vini pran mwen, men manman m' te kontinye mande m' pou aranje rad mwen pou kilt pwochen jou a. Le pli vit ke mwen te tonbe nan dòmi an, yon zanj te vin pran m' mennen'm bay Senyè a. E Senyè Jezi te kòmanse pale m': "Lala, di manman ou kite ou dòmi lè kò ou lou, paske Mwen vle di ou yon bagay trè enpòtan."

Nan dimanch maten, gras ak mizerikòd Senyè Jezi, mwen te kapab kanpe epi temwanye pou delivre mesaj Senyè a nan Legliz Barachiel la. Apre mwen fin temwayaj la, **mwen te batize nan dlo** (pou m' te mouri epi resisite avèk Jezi) epi apre kilt la, yo te rele nou pou nou patisipe nan yon reyinyon ke nan li nou te dwe pale de yon sèvis revèy. Mwen te patisipe tou nan reyinyon an epi yon zanj te vini e li te mennen m' bay Senyè Jezi. Jezi te di: "Di sèvitè M' yo kontinye ak sèvis revèy la e Mwen pral desann pou entèveni."

Nan 4 p.m, mwen te toujou nan kay pastè a. Yon zanj te mennen m' wè Senyè a. Senyè a te montre'm yon gwo twou ki te fon e nwa. Mwen te wè anpil moun ki t'ap pouse nan twou a. Yo te eseye reziste, men san siksè epi yo tonbe nan twou a.

Nan 6 p.m, kòm dabitid, yon zanj te mennen m' bay Senyè a. Senyè a te montre m' yon lòt gwo twou nwa. Jezi di m': "Twou a ou wè a se plas kote infidèl yo pral

ale pou gwo tribilasyon an nan 3.5 ane (Revelasyon 13), alò pou moun ki fidèl ak Mwen yo, Mwen pral mennen yo nan yon kote ke Mwen te prepare, byen lwen fas sèpan an."

Nan 8 p.m, yon zanj te mennen m' bay Senyè a epi Li te di m': "Lala, pa diskite ak manman ou, pa janm vyole 5yèm kòmandman m' nan ki di ke ou dwe onore papa ou ak manman ou."

Lè mwen tande sa, mwen te santi m' koupab e mwen te kriye. Mwen te wè tou Senyè Jezi ap kriye e Li te tris anpil. Mwen te wè dlo koule soti nan je L'. Senyè Jezi di m': "Lala, pa kriye, Mwen vle ou koute epi pratike 5yèm kòmandman Mwen an (onore paran ou) se konsa ke w'ap viv lontan epi pou beni." Lè sa a, Jezi di m': "**Efase tout chante mouden yo nan telefòn mobil ou**" (Jak 4:4). Apre sa, Li kontinye: "Ou dwe kalm nan lekòl la. Kouman Mwen ka ba ou yon mesaj si ou pa kalm?" Epi mwen te reponn: "Senyè, mwen pa ka rete kalm paske zanmi yo toujou vin deranje m' e mande m' pou jwe avèk yo. Èske li pa ta pi bon si mwen pa t' ale nan lekòl la epi rete nan kay la?" Epi Li di: "Non, ou dwe ale lekòl."

Nan demen nan 10:30 am, zanj lan te mennen m' bay Senyè a, e Senyè Jezi te di m': "**Pa gen tan ankò menm.** Ou dwe ijan anonse mesaj la bay pèp Mwen an."

Nan 7 pm, mwen te nan kilt e kòm dabitid, yon zanj te mennen m' bay Senyè a. Mwen te wè Jezi ap tann mwen kanpe devan pòt la. Osito ke mwen te rive la, Jezi te di: "Ou dwe ale nan Wamena ijan epi bay mesaj Mwen an a pèp Mwen an. Yo dwe repanti paske lè a fini. Ou dwe ale nan Wamena." Senyè a te di sa e figi L' plen tristès, ak yon figi deprime. Li te kriye e dlo nan je L' yo t'ap koule tankou dlo e tonbe sou yon gwo tab vè kote Jezi ka wè tout bagay moun di ak fè. Mwen te mande Senyè a: "Poukisa Ou kriye?" Li pa t' reponn kesyon mwen an, men dlo nan je Li yo te kontinye tonbe sou tab la epi mwen siye yo ak yon rad blan ke mwen te pote. Lè m' te nan Syèl la, mwen toujou te mete yon rad blan ke mwen pa janm konn pote.

Lè sa a, Senyè Jezi di m', pandan'l t'ap kriye toujou: "Lala, di pèp Mwen an ijan ke yo dwe vire byen vit vin jwenn Mwen, **tan an konplètman fini.**" Senyè a te di ankò: "Mwen pa vle gen okenn moun ki pèdi, men, Mwen vle yo tout chita sou jenou Mwen."

Benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an, ak yon renmen ki p'ap janm fini!

Envitasyon

Chè frè ak sè,

Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:

1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pitit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.

2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an www.mcreveil.org, pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.

Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!